

Tès COVID

19

ak Pwotokòl

Karantèn

pou elèv yo ak pèsònèl la

Paj 1: Lis sentòm ak rezime Tès
Paj 2: Kwonoloji Izòlman pou Ka Pozitif yo
Paj 3: Kontak Sere Ka Pozitif ANDEYÒ LEKÒL
Paj 4: Gid Vwayaj

FÈ TÈS

Ak yon fòm konsantman ki siyen, elèv yo ka patisipe nan 3 kalite tès COVID:

- **Nan-lekòl** Tès sentòmatak pou elèv ki montre sentòm pandan jounen an
- **Nan-lekòl** Tès gwoupe chak semèn pou detekte ka yo ki pa senptomatik
- **Lakay** Tès rapid pou detekte ka yo ki pa senptomatik (**fòm enskripsyon separe**)

Ranpli tout fòm yo nan Family Portal CPS: https://secure1.cpsd.us/family_portal

SENTOM

Si ou gen sentòm sa yo:

- Rete lakay ou
- Fè tès lakay ou oswa nan yon sit nan kominote a
- **Retounen lekòl apre tès negatif (PCR oswa rapid). CPS pa pral mande prèv tès negatif.**

- Lafyèb ki depase 100.0° F
- Frison oswa latranblad
- Pwoblèm pou respire
- Nouvo pèt nan gou oswa odè
- Doule nan misk oswa doule nan kò
- Gòj fè mal
- Tous (pa akòz lòt rezon ki koni)
- Maltèt ak lòt sentòm
- Kè plen, vomisman oswa dyare (vomi, sansasyon malad nan vant ou)
- Fatig ak lòt sentòm
- Konjesyon nan nen oswa nen k ap koule (pa akòz lòt rezon ki koni) ak lòt sentòm

Fèk pran vaksen?

Si ou te pran vaksen nan dènye 48 èdtan yo, ou ka santi sentòm sa yo men kontinye vini lekòl/travay.

- Tanperati anba 100.0°F
- Tèt fè mal
- Fatig
- Frison
- Kò fè mal

Rete lakay ou si sentòm sa yo pèsiste apre 48 èdtan apre vaksen an epi wè doktè w.

Kwonoloji Izòlman pou Ka Pozitif yo

Jou "1-5"	"Jou 6": Retounen nan travay oswa lekòl		Jou "6 - 10"
<p>Jou "0" se jou a kote ou te vin sentòmatrik oswa dat tèspozitif ou a, kèlkeswa sa ki vini anvan an. Enfimyè a pral pran desizyon sa a.</p> <p>Izole pandan 5 jou suivi.</p>	<p>Ou ka retounen lekòl/nan travay nan jou 6 la, si ou pa gen lafyèvpandan omwen 24 èdtan (san ou pa itilize medikaman pou diminye lafyèv) epi tout sentòm yo te disparèt.</p>		<p>Mete yon mask andedan AK deyò apre ou retounen lekòl.</p> <p>Elèv yo ki retounen soti nan izòlman yo pa bezwen bay yon tèspozitif, men sa yo ki gen sentòm ki pèsistan pral re-evalye selon diskresyon enfimyè yo epi ranvwaye jan sa nesèsè.</p> <p>CPS pa pral fè tèspozitif rapid sou elèv k ap retounen soti nan izolasyon.</p>
	<p>Jou ou teste pozitif oswa jou ou devlope sentòm</p>	<p>Jou ou retounen lekòl oswa nan travay (fen izòlman)</p>	
	Lendi	Dimanch*	
	Madi	Lendi	
	Mèkredi	Madi	
	Jedi	Mèkredi	
	Vandredi	Jedi	
	Samdi	Vandredi	
	Dimanch	Samdi*	
<p><i>*Si Jou 6 la se yon wikenn oswa yon jou ferye, retounen nan pwochen jou lekòl louvri a.</i></p>			

Tès Chak Semèn

Elèv yo ak pèsònèl la gen aksè nan de tès COVID chak semèn

Lendi	Yon fwa nan lekòl la (gwoupe)
Madi	
Mèkredi	
Jedi	
Vandredi	Yon fwa lakay (tès rapid)

Rezilta Pozitif

Sa yo ki gen yon rezilta pozitif pral izole lakay yo pandan 5 jou suivi nan konfòmite ak pwotokòl COVID CPS yo.

Rapòte yon rezilta tès pozitif enpòtan anpil pou kontinye kenbe lekòl nou yo an sekirite.

- **Elèv:** Kontakte lekòl pitit ou a pou rapòte yon absans.
- **Pèsònèl:** Kontakte sipèvizè w pou rapòte yon absans.

Lakay Tès Rapid

- **NENPÒT** elèv oswa manm pèsònèl la ka patisipe nan nouvo pwogram tès rapid lakay la **kèlkeswa estati vaksinasyon yo**.
- **PWOGRAM FÈ TÈS LA VOLONTÈ.** Enskri atravè [CPS Family Portal la](#).
- Elèv yo k ap patisipe pral resevwa yon kit chak 2 semèn; chak kit pral genyen 2 tès ak enstriksyon pou itilize oto-tès la.

Kontak Sere ak Ka Pozitif *Andeyò lekòl la

Kontak sere = Ekspozisyon ak yon moun ki gen COVID pou plis pase 15 minit pa jou ak, mwens pase 3 pye apa.
Avèti direktè lekòl la imedyatman.

Estatik vaksinasyon

Vaksin epi pran Boostè

Vaksin & mwens pase 5 mwa apati dòz final la

Vaksin & plis pase 5 mwa apati dòz final la (pa pran boostè)

Pa vaksin oswa pako vaksin konplètman

- **Rete lekòl**
- **Pou kontak yo nan fwaye a, mete mask lè w an kontak** ak ka pozitif pandan peryòd izòlman yo.
- **Rekòmande: Tès 5-7 jou** apre fen peryòd izòlman ka pozitif nan fwaye oswa ekspozisyon a yon moun andeyò fwaye a.
 - Si jou 5-7 tonbe pandan orè egzamen lekòl la (Lendi/Madi), epi fòm konsantman ranpli, patisipe nan tès gwoupe chak semèn.
 - Si jou 5-7 pa tonbe pandan orè tès lekòl la, fè tès nan kominote a oswa lakay ou ak tès rapid.** CPS pa pral mande prèv tès negatif.
- **Siveye sentòm yo.** Si sentòm yo devlope, imedyatman izole epi fè tès la.

- **Jou 0-5** apre ekspozisyon: **Karantèn**
- **Rekòmande:** Tès (PCR oswa tès rapid) nan kominote a oswa lakay ou ak tès rapid 5 jou apre ekspozisyon. CPS pa pral mande prèv tès negatif epi pa pral fè tès rapid lè elèv la retounen soti nan izòlman.
- **Jou 6 - 10:** Mask obligatwa anndan & deyò.
- **Dat retou:** Enfimyè/Departman Sante Piblik pral detèmine dapre detay sou ka a.
- **Siveye sentòm yo.** Si sentòm yo devlope, imedyatman izole epi fè tès la.

* Elèv ke CPS transpòte lakay founisè lisansye apre lekòl yo ak elèv ki patisipe nan pwogram apre lekòl nan etablisman CPS yo konsidere kòm kontak "nan lekòl". Pwotokòl ki nan paj sa a pa aplike pou elèv sa yo.

**Fanmi yo ka itilize tès rapid CPS bay la pou fè tès chak semèn lakay pou sa jou vandredi a.

Vwayaj

Moun ki vaksinen konplètman

Moun ki pa vaksinen

Nan Etazini

Nou rekòmande w fè tè s anvan ou vwayaje & 3-5 jou apre ou retounen.

Siveye sentòm yo.

Nan entènasyonal

Suiv rekòmandasyon CDC bay yo pou vwayaj entènasyonal yo. Nou rekòmande w fè tè s 3-5 jou apre ou retounen MA.

Siveye sentòm yo pandan 14 jou.

Mwen pral fè tè s la: Fè karantèn pandan omwen 5 jou suivi

Nan 6 jou apre ou retounen MA fè tè s nan kominote a oswa lakay ou. Ou ka retounen lekòl sou jou 7 la si w teste negatif. Tanpri bay enfimyè lekòl la yon prèv tè s negatif.

Siveye sentòm yo

Mwen pral fè tè s la: Fè karantèn pandan 10 jou suivi

Retounen lekòl sou jou 11 lan.

Siveye sentòm yo